

Gid pou

# Asirans Sante ak Sèvis Swen Sante

pou Imigran yo ki nan New York City

Foto se yon modèl nou itilize pou rezon  
ilistrasyon sèlman.

**NYC**™ Human Resources  
Administration  
Department of  
Social Services



# BYENVENI

New York City se kay pou anpil kominote imigran ki soti nan tout kwen sou latè. Nou tout–kit nou se rezidan depi lontan kit nou fèk vin abite nan Vil la–nou bezwen jwenn swen sante pou kenbe kominote nou yo an sante ak solid. Gen anpil fason pou rezidan yo jwenn swen sante bon mache nan vil nou an, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.

Gid **SA A NAN ASIRANS SANTE AK SÈVIS SWEN SANTE POU IMIGRAN YO KI NAN NEW YORK CITY** la pou ede ou jwenn chwa asirans sante ak resous swen sante pou imigran yo ki nan New York City. L ap fè ou konnen kijan pou jwenn asirans sante ak lòt sèvis swen sante. Menmsi ou pa gen asirans sante epi ou bezwen swen sante, ou kapab toujou resevwa li nan New York City. Gen yon kantite chwa pwoteksyon ak swen sante ki disponib selon sityasyon imigrasyon ou.

Tout moun New York kalifye pou sèvis swen sante epitou yo gen dwa pou resevwa sèvis yo kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.

## TÈM ENPÒTAN ASIRANS SANTE

Jwenn pwoteksyon sante pou anpil imigran New York kapab bay konfizyon.

Anvan ou aprann anpil kalite chwa pwoteksyon ki dekri nan gid sa a, gen kèk tèm enpòtan ou ta dwe konnen pou ede ou fè chwa ki pi byen adapte pou bezwen swen sante ou ak bezwen swen sante fanmi ou.

**Swen Sante** – prevansyon oswa tretman maladi doktè yo ak lòt pwofesyonèl swen sante yo bay.

**Asirans Sante** – yon fason pou peye pou swen sante. Li pwoteje ou pou pa peye tout frè sèvis medikal yo lè ou wè yon doktè.

**Asirans Sante Piblik** – plan asirans sante yo bay avèk pwogram gouvènman federal la tankou Medicaid ak Medicare, ak pwogram asirans sante leta tankou Child Health Plus ak Essential Plan pou moun ki satisfè kondisyon pou yo kalifye.

**Asirans Sante Prive** – plan asirans sante yon patwon oswa yon sendika bay, epitou se plan yon moun achte dirèkteman nan yon konpayi asirans.

**NY State of Health Marketplace** – Mache asirans sante ofisyèl leta, ale sou sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov). Ou kapab konpare chwa asirans sante prive yo epitou ou kapab aplike pou jwenn èd finansye ki kapab bese frè pwoteksyon sante ou. Ou ka kalifye tou pou pwoteksyon asirans sante tankou Medicaid, Child Health oswa Essential Plan.

**Moun ki Bay Èd Fas-a-Fas (Gid, Konseye Sètifye nan Aplikasyon, Asistan Fasilite ki Sètifye pou Mache Asirans)** – moun k ap travay avèk òganizasyon kominotè pou bay èd gratis pou moun ak ti biznis pou ede yo chwazi pwoteksyon asirans sante epi enskri pou li avèk New York State of Health Marketplace.

# ASIRANS SANTE AK SITIYASYON IMIGRASYON OU

## **Sonje, dapre lalwa, tout moun k ap viv nan New York City gen dwa pou:**

Tretman egalego nan sèvis swen sante kèlkeswa kote ou soti oswa kèlkeswa ki lang ou pale.

Tretman nan lopital si ou gen yon ijans medikal, kèlkeswa mwayen ou pou peye.

Èd gratis nan lang, si ou bezwen li. Tout pwofesyonèl sante ak founisè sèvis sosyal dwe planifye entèpretasyon nan lang ou pito a.

Aksè konfidansyèl nan sèvis vil la ak nan asirans sante piblik ak prive. Y ap kenbe sitiyasyon imigrasyon ou konfidansyèl. Lè ou aplike pou asirans sante, y ap itilize enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon ou sèlman pou detèmine si ou kalifye pou avantaj yo, men pa pou aplikasyon imigrasyon. Yo p ap rapòte sitiyasyon imigrasyon ou ba US Immigration and Customs Enforcement (ICE) Etazini oswa ba US Citizenship and Immigration Services (USCIS).

## SA KI NAN LIV LA

Pwoteksyon Asirans Sante Konplè Garanti anpil kalite sèvis sante, tankou vizit nan klinik doktè, swen sante nan lopital ak medikaman sou preskripsyon	1 - 2
Pwoteksyon Asirans Sante Limite Garanti sèvis sante limite, tankou planin famiyal oswa swen pou ijans	3
Sèvis Swen Sante Gratis oswa pou Pri ki Ba Fason pou resevwa sèvis sante bon mache, menmsi ou pa gen asirans	4
Èd nan Famasi ak Lòt Sèvis Swen Sante Pwogram ki bay èd finansye ak rabè lè ou ale nan famasi	5
Kote pou Aplike pou Asirans Sante epi pou Resevwa Swen Sante pou Frè ki Ba Kote pou aplike pou asirans sante	6
Tèm Imigrasyon pou Asirans Sante Chwazi kategori imigrasyon ki konsène kalifikasyon pou asirans sante	7 - 8

Nou swete gid sa a pral ede ou jwenn pwoteksyon ak swen sante ou bezwen an lè ou bezwen li.



# PWOTEKSYON ASIRANS SANTE KONPLÈ

PWOGRAM	AVANTAJ YO	KONDISYON YO	IMIGRAN KI KALIFYE*	KOTE POU RESEVWA LI
<b>MEDICAID</b>	Asirans sante gratis pou adilt ak timoun ki pa touche ase revni; kapab peye bòdwo medikal yo tou pou swen sante ou resevwa jiska 3 mwa anvan aplikasyon an	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Revni ki ba</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki Kalifye (San Entèdiksyon sou 5 Kan)</li> <li>• PRUCOL, tankou DACA</li> <li>• Tout fanm ansent yo, tankou fanm ki pa gen papye imigrasyon</li> <li>• Sèten rezidan pou yon ti tan (pa egzanzp, etidyan ki gen viza valab)</li> </ul>	<p>Pou pifò: <b>NY State of Health</b></p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nystateofhealth.ny.gov">nystateofhealth.ny.gov</a></p> <p>Telefòn: <b>1-855-355-5777</b></p> <p>Fas-a-Fas: <b>Rele 311</b> pou jwenn èd yon moun nan kominote ou (mande pou "gid" oswa "asistan")</p> <p>Kèk moun: Biwo NYC Human Resource Medicaid (Si ou gen 65 kan ak plis, oswa si ou se yon moun k ap viv avèk yon andikap)</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nyc.gov/html/hra/html/services/medicaid_offices.shtml">nyc.gov/html/hra/html/services/medicaid_offices.shtml</a></p> <p>Telefòn: <b>1-718-557-1399</b></p>
<b>MEDICAID BUY-IN FOR WORKING PEOPLE WITH DISABILITIES</b>	Asirans sante gratis	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Revni modere oswa revni ba</li> <li>• Laj: 16-64</li> <li>• W ap travay</li> <li>• Ou dwe andikape</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki kalifye (San entèdiksyon sou 5 kan)</li> <li>• PRUCOL, ansanm ak DACA</li> </ul>	<p>Biwo NYC Human Resources Administration Medicaid</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nyc.gov/html/hra/html/services/medicaid_offices.shtml">nyc.gov/html/hra/html/services/medicaid_offices.shtml</a></p> <p>Telefòn: <b>1-718-557-1399</b></p>
<b>CHILD HEALTH PLUS (CHP)</b>	Asirans sante gratis oswa pou pri ba pou timoun	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Pa gen kondisyon dapre revni <ul style="list-style-type: none"> <li>- Fanmi ki pa touche ase revni p ap peye anyen</li> <li>- Fanmi ki touche revni mwayen ap peye yon ti lajan</li> <li>- Fanmi ki touche pi gwo revni yo kapab peye tout pri a</li> </ul> </li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout timoun ki poko gen laj 19 ane, ansanm ak pitit imigran ki pa gen papye imigrasyon</li> </ul>	<p>NY State of Health</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nystateofhealth.ny.gov">nystateofhealth.ny.gov</a></p> <p>Telefòn: <b>1-855-355-5777</b></p> <p>Fas-a-Fas: <b>Rele 311</b> pou jwenn èd yon moun nan kominote ou (mande pou "gid" oswa "asistan")</p>

\*Ale nan paj 7 - 8 pou jwenn "Tèm Imigrasyon pou Asirans Sante".

# PWOTEKSYON ASIRANS SANTE KONPLÈ

PWOGRAM	AVANTAJ YO	KRITÈ	IMIGRAN KI KALIFYE*	KOTE POU RESEVWA LI
<b>ESSENTIAL PLAN</b>	Asirans sante gratis oswa pou pri ba pou adilt ki pa touche ase revni.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Laj: Adilt ki gen 19-64 tran</li> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Revni ki ba (moun ki fè plis pase limit pou Medicaid)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki Kalifye (San Entèdiksyon sou 5 Kan)</li> <li>• Pifò PRUCOL (pa DACA)</li> <li>• Sèten rezidan pou yon ti tan (pa egzanp, etidyan ki gen viza valab)</li> </ul>	<p>NY State of Health</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nystateofhealth.ny.gov">nystateofhealth.ny.gov</a></p> <p>Telefòn: 1-855-355-5777</p> <p>Fas-a-Fas: <b>Rele 311</b> pou jwenn èd yon moun nan kominote ou (mande pou "gid" oswa "asistan")</p>
<b>ASIRANS SANTE PRIVE (NY STATE OF HEALTH MARKETPLACE)</b>	Chwa plan asirans sante; gen èd finansye ki disponib	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Pou èd finansye: <ul style="list-style-type: none"> <li>- Moun ki touche revni mwayen ak moun ki touche revni ki ba</li> <li>- Pa kalifye pou Medicaid oswa pou Medicare</li> <li>- Ou pa gen pwoteksyon ki baze sou djòb ou</li> <li>- Limit revni</li> </ul> </li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki prezan nan peyi a legalman, ki gen ladan pifò imigran ki kalifye ak pifò PRUCOL yo (pa DACA)</li> </ul>	<p>NY State of Health</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nystateofhealth.ny.gov">nystateofhealth.ny.gov</a></p> <p>Telefòn: 1-855-355-5777</p> <p>Fas-a-Fas: <b>Rele 311</b> pou jwenn èd yon moun nan kominote ou (mande pou "gid" oswa "asistan")</p>
<b>ASIRANS SANTE PRIVE PRI KONPLÈ (DEYÒ NY STATE OF HEALTH MARKETPLACE)</b>	Asirans sante ou achte pou pri konplè dirèkteman nan yon konpayi asirans	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon</li> </ul>	Dirèkteman nan konpayi asirans
<b>MEDICARE</b>	Asirans sante pou moun ki gen 65 kan ak plis oswa ki gen yon andikap oswa yon maladi ren ki nan etap final	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rezidan yo ak madanm/mari yo ki te travay pandan 10 zan oswa plis nan Etazini</li> <li>• Laj: <ul style="list-style-type: none"> <li>- 65 kan oswa plis</li> <li>- Nenpòt laj si ou gen yon andikap oswa yon maladi ren ki nan etap final</li> </ul> </li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki kalifye yo</li> </ul>	<p>Biwo Social Security Administration (SSA)</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://ssa.gov/ssa.gov/medicare/apply.html">ssa.gov/ssa.gov/medicare/apply.html</a></p> <p>Telefòn: 1-800-772-1213</p> <p>Fas-a-Fas: Ale nan biwo Sekirite Sosyal lokal ou.</p> <p>Chèche èd: <b>Rele 311</b> pou jwenn èd yon konseye pwogram Konsèy ak Èd pou Jwenn Enfòmasyon sou Asirans (Health Insurance Information Counseling and Assistance, HIICAP)</p>

\*Ale nan paj 7 - 8 pou jwenn "Tèm Imigrasyon pou Asirans Sante".



## PWOTEKSYON ASIRANS SANTE LIMITE

PWOGRAM	AVANTAJ YO	KRITÈ	IMIGRAN KI KALIFYE*	KOTE POU RESEVWA LI
MEDICAID POU TRETMAN YON PWOBLEM MEDIKAL ANNIJANS (KI RELE MEDICAID ANNIJANS TOU)	Ede moun ki pa gen papye imigrasyon ki kalifye ak imigran ki nan New York pou yon ti tan pou frè medikal lè yo gen yon ijans  <b>Nòt: Tout lopital yo dwe trete ou si ou gen yon ijans medikal, kèlkeswa mwayen ou pou peye.</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rezidans nan Eta New York (rezidan legal pou yon ti tan pa gen pou satisfè kondisyon rezidans nan Eta a)</li> <li>• Revni ki ba</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki pa gen papye imigrasyon ak imigran pou yon ti tan ki p ap viv nan Eta New York (pa egzanzp, touris yo).</li> </ul> <p><b>Nòt: Fanm ansent ki pa gen papye imigrasyon ka kalifye pou Medicaid, epitou tout timoun ki pa gen papye imigrasyon kalifye pou Child Health Plus Gade paj 1</b></p>	<p>Bifò moun: NY State of Health</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nystateofhealth.ny.gov">nystateofhealth.ny.gov</a></p> <p>Telefòn: 1-855-355-5777</p> <p>Fas-a-Fas: <b>Rele 311</b> pou jwenn èd yon moun nan kominote ou (mande pou "gid" oswa "asistan")</p> <p>Kèk moun: Biwo NYC Human Resource Medicaid (Si ou gen 65 kan ak plis, oswa si ou se yon moun k ap viv avèk yon andikap)</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nyc.gov/html/hra/html/services/medicaid_offices.shtml">nyc.gov/html/hra/html/services/medicaid_offices.shtml</a></p> <p>Telefòn: 1-718-557-1399</p>
FAMILY PLANNING BENEFIT PROGRAM (FPBP)	Bay sèvis sante repwodiktif gratis ak konfidansyèl	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Revni modere oswa revni ba</li> <li>• Pa gen Medicaid</li> <li>• Kapab gen Child Health Plus oswa asirans prive</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki Kalifye</li> <li>• PRUCOL yo, ansanm ak DACA</li> </ul>	<p>Founisè FPBP ki Apwouve</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://nyc.gov/famplan">nyc.gov/famplan</a></p> <p>Telefòn: 1-800-541-2831</p>
FAMILY PLANNING EXTENSION PROGRAM (FPEP)	Peye pou metòd kontrasepsyon ak sèvis sante repwodiktif apre gwosès	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Pa gen lòt asirans</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki pa gen papye imigrasyon</li> </ul>	<p>Enskripsyon otomatik apre gwosès la fini si ou enskri nan Medicaid deja</p>
MEDICARE SAVINGS PROGRAM	Ede peye pou frè Medicare pa mwa, ko-asirans, ak franchiz	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Revni ki ba</li> <li>• Gen Medicare</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Imigran ki Kalifye, (San Entèdiksyon sou 5 Kan)</li> <li>• PRUCOL, ansanm ak DACA</li> </ul>	<p>Biwo NYC Human Resources Administration Medicaid</p> <p>Sou entènèt: <a href="http://www1.nyc.gov/site/hra/locations/medicaid-locations.page">http://www1.nyc.gov/site/hra/locations/medicaid-locations.page</a></p> <p>Telefòn: 1-718-557-1399</p>

\*Ale nan paj 7 - 8 pou jwenn "Tèm Imigrasyon pou Asirans Sante".

## SÈVIS SWEN SANTE GRATIS OSWA POU PRI KI BA

PWOGRAFE	AVANTAJ YO	KRITÈ	IMIGRAN KI KALIFYE*	KOTE POU RESEVWA LI
<b>HHC OPTIONS</b>	Bese frè yo pou tout sèvis yo bay nan sant medikal NYC Health + Hospitals, ki ka gen ladan kantite jou ou pase nan lopital, vizit pou ijans ak vizit nan klinik	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pa gen lòt asirans</li> <li>• Revni modere oswa revni ki ba (frè echèl varyab sou revni ak kantite moun ki nan fanmi)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon</li> </ul>	<p>Nan yon sant medikal NYC Health Hospitals</p> <p>Pou jwenn yon sant medikal ki toupre ou, ale sou sitwèb: <a href="http://nychhc.org/hhc">nychhc.org/hhc</a></p>
<b>SANT SANTE KI KALIFYE SOU PLAN FEDERAL (FEDERALLY QUALIFIED HEALTH CENTERS, FQHC)/ KLINIK KOMINOTÈ</b>	Frè ki ba pou tout sèvis yo bay nan sant sante a, ki ka gen ladan sèvis swen prensipal, sèvis swen zye, sèvis swen dan ak sèvis sante mantal	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Pa gen lòt asirans</li> <li>• Revni modere oswa revni ki ba (frè echèl varyab sou revni ak kantite moun ki nan fanmi)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon</li> </ul>	<p>Nan sant sante, apre ou resevwa swen sante</p> <p>Pou jwenn yon sant sante ki toupre ou, ale sou sitwèb: <a href="http://chcanys.org">chcanys.org</a></p>
<b>NYC HEALTH DEPARTMENT CLINICS</b>	Bay vaksinasyon, tès pou STD, ak tès pou TB pou pri ki ba	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon</li> </ul>	<p>Nan klinik NYC Health Department</p> <p>Pou jwenn yon klinik NYC Health Department ki toupre ou, ale sou sitwèb: <a href="http://nyc.gov/health">nyc.gov/health</a> oswa rele 311</p>
<b>ÈD FINANSYE NAN LOPITAL/SWEN POU CHARITE</b>	Frè ki pi ba pou kantite jou ou pase nan lopital, vizit pou ijans ak vizit nan klinik nan tout lopital ki nan New York	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Pa gen lòt asirans</li> <li>• Revni modere oswa revni ki ba (frè echèl varyab sou revni)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon</li> </ul>	<p>Nan lopital, apre ou resevwa swen sante</p>
<b>AIDS DRUG ASSISTANCE PROGRAM (ADAP)</b>	Ede peye pou medikaman, swen sante prensipal, ak swen sante nan kay pou moun ki gen VIH/ SIDA. Ede peye frè asirans prive pa mwa ak kopeman yo tou	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>• Dyagnostik sentòm klinik VIH oswa SIDA</li> <li>• Revni mwayen ak revni ki ba</li> <li>• Pa gen Medicaid</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papyè imigrasyon</li> </ul>	<p>NYS Department of Health</p> <p>Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb <a href="http://health.ny.gov/diseases/aids/general/resources/adap/eligibility.htm">health.ny.gov/diseases/aids/general/resources/adap/eligibility.htm</a> oswa rele nimewo 1-800-542-2437</p>

\*Ale nan paj 7 - 8 pou jwenn "Tèm Imigrasyon pou Asirans Sante".

## ÈD NAN FAMASI AK LÒT SÈVIS SWEN SANTE

PWOGRAM	AVANTAJ YO	KRITÈ	IMIGRAN KI KALIFYE*	KOTE POU RESEVWA LI
ELDERLY PHARMACEUTICAL INSURANCE COVERAGE (EPIC)	Èd finansye pou peye pou medikaman ak frè pa mwa pou moun ki nan yon plan Medicare Part D (pwoteksyon medikaman sou preskripsyon nan Medicare)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Moun k ap viv nan Eta New York</li> <li>Reveni anyèl ki rive jiska \$100,000 dola si ou marye ak \$75,000 si ou selibatè</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Imigran ki kalifye yo</li> </ul>	NYS Department of Health Sou entènèt: <a href="http://health.ny.gov/health_care/epic">health.ny.gov/health_care/epic</a> Telefòn: 1-800-332-3742
BIGAPPLERX	Frè ki pi ba pou medikaman asirans pa garanti	Okenn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Tout imigran yo, ansanm ak imigran ki pa gen papye imigrasyon</li> </ul>	BigAppleRX.com Telefòn: 1-888-454-5602 Ou kapab resevwa rabè BigAppleRX avèk kat IDNYC ou. Jwenn plis enfòmasyon epi pran yon randevou sou sitwèb <a href="http://www.nyc.gov/idnyc">www.nyc.gov/idnyc</a>

Tout imigran yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo ki pa gen asirans sante, kapab ache ak jwenn sèvis swen sante pou tout pri a. Sèvis swen sante yo disponib nan klinik prive ak nan klinik doktè, epi kèk ladan yo se swen sante prensipal ak swen espesyalite, swen zye, swen dan, swen ijan, sèvis sante mantal oswa sèvis sante konpòtmantal.

Se pwofesyonèl swen sante a ki fikse frè pou peye a, epi disponiblite sèvis yo depannde mwayen yon moun pou peye, epitou ou kapab jwenn yo nan nenpòt klinik oswa klinik doktè ki nan zòn ou.

\*Ale nan paj 7 - 8 pou jwenn "Tèm Imigrasyon pou Asirans Sante".

## RESEVWA PWOTEKSYON AN

- Chwa asirans sante ki gratis oswa pou pri ki ba disponib avèk **NY State of Health Marketplace** tankou Medicaid, Child Health Plus, Essential Plan ak asirans prive ki gen èd finansye pou moun ki kalifye. Aplike sou entènèt sou sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov), nan telefòn nan nimewo **1-855-355-5777**, oswa fas-a-fas depi ou rele **311** pou jwenn yon asistan fas-a-fas ki toupre ou.
- PWOTEKSYON MEDICAID NYC HRA disponib nan Biwo Medicaid pou moun ki gen 65 kan ak plis, pou ansyen jèn moun ki te nan fanmi akèy, oswa pou moun k ap viv avèk yon andikap oswa yon twoub vizyèl. Èd pou enskri fas-a-fas disponib nan pwogram Enskripsyon Fasilite pou Granmoun Aje, Moun ki Avèg ak Moun Andikape (Facilitated Enrollment for Aged, Blind and Disabled) pou moun ki gen 65 kan ak plis, oswa k ap viv avèk yon andikap oswa yon twoub vizyèl. Pou jwenn yon lis kote k ap patisipe, rele nimewo **1-347-396-4705** oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/hilink](http://nyc.gov/hilink).
- MEDICARE disponib sou entènèt sou sitwèb [ssa.gov/medicare/apply.html](http://ssa.gov/medicare/apply.html) oswa nan yon Biwo Sekirite Sosyal. Rele nimewo **1-800-772-1213** (Moun ki itilize TTY yo ap rele nimewo **1-800-325-0778**) pou yo jwenn plis enfòmasyon.
- Pwogram NYS DEPARTMENT OF HEALTH disponib sou entènèt sou sitwèb [health.ny.gov/health\\_care/](http://health.ny.gov/health_care/).

## JWENN SWEN SANTE POU PRI KI BA

- Sant medikal NYC HEALTH + HOSPITALS ki toupre ou: [nychhc.org/hhc](http://nychhc.org/hhc) (Pwogram HHC Options).
- SANT SANTE KI KALIFYE SOU PLAN FEDERAL ki toupre ou: [chcanys.org](http://chcanys.org).
- NYC HEALTH DEPARTMENT CLINICS ki toupre ou: [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) oswa rele **311**.

# TÈM IMIGRASYON POU ASIRANS SANTE:

Tèm ki anba la yo se yon echantiyon kategori imigrasyon ki detèmine ki asirans sante ak swen pou pri ki ba moun yo ka kalifye pou resewva.

Tanpri pale avèk yon asistan ki antrene pou jwenn enfòmasyon sou tout chwa pwoteksyon ak swen sante ou.

**KI PREZAN LEGALMAN NAN PEYI A:** yon tèm yo itilize pou dekri imigran ki gen yon sitiyasyon non-imigran valab epi ki kapab achte pwoteksyon avèk NY State of Health.

- (pa egzanzp, etidyan oswa travayè peyi etranje)
- Tout sitiyasyon imigrasyon nan koulè vyolet anba la a

**IMIGRAN KI KALIFYE:** yon tèm yo itilize pou deziyen moun ki kalifye pou resewva avantaj piblik pou Etranje Rezidan Pèmanan.

- Rezidan pèmanan legal – Moun ki Gen Grinkat, Etranje Rezidan Pèmanan
- Manm fòs lame ki nan sèvis aktif ak fanmi yo k ap viv legalman nan peyi a
- Refijye ak Moun yo Bay Azil Politik
- Imigran ki gen depòtasyon yo oswa lòd pou yo kite peyi a anile
- Patisipan Kiben oswa Ayisyen
- Ameriken-Azyatik
- Imigran ki viktim trafik imen (viza T)
- Imigran yo akòde libète sou kondisyon nan Etazini pou plis pase 1 ane
- Imigran ki se madanm/mari ak pitit sitwayen ameriken/rezidan pèmanan legal epi yo bat

**PRUCOL – PERMANENTLY RESIDING UNDER COLOR OF LAW:** Ajans United States Citizenship and Immigration Services pa detèmine si yon etranje se PRUCOL epi li pa akòde sitiyasyon PRUCOL. PRUCOL se yon sitiyasyon kalifikasyon pou avantaj piblik ki aplike pou sèten imigran pou detèmine si yo kalifye pou Medicaid. Yon moun yo konsidere kòm PRUCOL dwe satisfè kondisyon Medicaid dapre revni ak lòt kondisyon kalifikasyon.

- Moun ki gen viza U, K3 / K4, V, ak S
- Viza yo apwouve ak moun ki aplike pou ajisteman estati
- Lòd pou mete deyò nan peyi a ki anile anba CAT
- Moun ki jwenn libète sou kondisyon pou mwens pase 1 ane
- Estati Pwoteksyon pou yon Tan (Temporary Protected Status, TPS)
- Aksyon Defere (ki pa DACA)
- Lòd pou Sipèvizyon
- Depa Ranfòse Defere
- Sispanasyon depòtasyon oswa sispanasyon lòd pou mete deyò nan peyi a yo akòde
- Rezidan pou yon ti tan INA 210 / 245A
- Benefisyè Inite Fanmi
- Moun ki Aplike pou Estati Jivenil Imigran Espesyal
- Moun ki Aplike pou Azil Politik / Refi anba under INA oswa CAT
- Moun ki aplike Estati Pwoteksyon pou yon Tan
- Moun ki Aplike pou Dosye Admisyon anba 249 (etranje ki nan rejis)
- Moun ki Aplike pou Ajisteman anba Lwa LIFE
- Moun ki aplike pou Pwogram Legalizasyon anba SAW-Travayè Sezonye ak Travayè Agrikòl (SAW-Seasonal and Agricultural Workers) ak IRCA-Lwa sou Refòm ak Kontwòl Imigrasyon (IRCA-Immigration Reform and Control Act)

**PRUCOL** pa konsidere kòm Moun ki Prezan Legalman: imigran ki gen aksè limite nan pwoteksyon akòz deziyasyon imigran yo.

- Moun ki pa sitwayen ameriken epi ki kapab montre yo te kontinye ap viv nan peyi a depi oswa anvan 1ye janvye 1972 (etranje ki sou rejis)
- Manm Fanmi Imedyat ki gen I-130 apwouve (petisyon pou Manm Fanmi Etranje)
- Aksyon Diferè Pou Timoun Ki Rive Nan Peyi a (DACA-Deferred Action for Childhood Arrivals)
- Demann pou Aksyon Defere (ki pa dosye DACA) ki annatant pou 6 mwa oswa plis epi ki pa jwenn refi
- Aksyon Defere pou Paran Sitwayen Ameriken ak Rezidan Pèmanan (DAPA-Deferred Action for Parents of US Citizens and Permanent Residents)

**MOUN KI PA GEN PAPYE IMIGRASYON:** moun ki pa gen dokiman ofisyèl ki nesèsè pou antre, viv oswa travay nan Etazini legalman.

- Moun ki antre nan peyi a san enspeksyon (Entered the country without inspection, EWIS)
- Moun ki rete nan peyi a pou plis tan pase sa Viza yo endike

*Avètisman: Enfòmasyon ki nan tiliv sa a se pou ba ou enfòmasyon jeneral yo sèlman. Disponiblite pwogram nan ak kalifikasyon an ka chanje, epi règ ak kondisyon siplemantè ka anvigè. Konsilte yon pwofesyonèl asirans oswa yon pwofesyonèl legal oswa konpayi ki finanse pwogram nan konsènan sikonstans espesyal ou yo epitou pou konnen si ou kalifye.*

*Anpil remèsiman pou Empire Justice Center ([empirejustice.org](http://www.empirejustice.org)) poutèt yo kite nou ajoute enfòmasyon nan Health Coverage Crosswalk (<http://www.empirejustice.org/assets/pdf/publications/reports/health-coverage-crosswalk.pdf>), a comprehensive resource that breaks down the complicated rules related to immigrant eligibility.*





**Bill de Blasio**  
Mayor

---

**Human Resources  
Administration**  
Department of  
Social Services

**Steven Banks**  
Commissioner

 [NYCHRA](#) |  [@NYCHRA](#)

BRC-979 (D)  
Rev. 05/17

© Dwa-dotè 2017. The City of New York, Human Resources Administration/Department of Social Services.  
Pou jwenn pèmasyon pou repwodui tout oswa yon pati nan dokiman sa a, kontakte New York City Human Resources Administration.